# QARAQALPAQ XALIQ DÁSTANI "MUŃLIQ- ZARLIQ" IDEALIQ, TEMATIKALIQ, KÓRKEMLIK ÓZGESHELIGI

**G.SH. Jumamuratova**
**NMPI Folklortanıw qánigeligi 1- kurs tayanısh doktarntı**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20813473

**Annotaciya:** Qaraqalpaq xalıq dástanı "Muńlıq- Zarlıq", dástannıń janrlıq ózgesheligi, jıynalıwı, dástandağı qaharman obrazınıń sıyasıy turmıslıq waqıyalar tiykarında beriliwi, qaraqalpaq xalıq dástanlarında qaharman obrazınıń jasalıwın, olardıń ózine tán tábiyatın, payda bolıw dáreklerin hám túrkiy xalıqlar kózqarası kontekstinde tutqan ornı, Jırawlar xalıq dástanların xalıq ómiri, tilinen alıp, olardı jeke dóretiwshilik sheberligi menen bayıtıp, jáne xalıqqa kórkemlep jetkeriwi.

**Tayanch sózlar:** qoraqolpoq xalq dostoni "Muńlıq- Zarlıq", dostonning yaralish tarixi, tarixiy manbalari, doston qahromonlari hayoti, davr va epos, mif, ertak va doston.

Qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde ğárezsizlikke eriskennen keyingi jıllardağı social-ekonomikalıq hám mádeniy reformalar processinde jámiyette hár tárepleme insan tárbiyasına xızmet qılıp bul boyınsha jurtbasshımız bilay degen edi: "ádebiyat hám kórkem ónerge, mádeniyatqa itibar – bul eń aldı menen xalqımızğa itibar, keleshegimizge itibar". Bul óz náwbetinde ádebiy dóretpelerge jańasha kózqaras penen qarawğa, jańa pikirler bildiriwge imkaniyat jaratıp beredi. Hár bir xalıqtıń ilim, mádeniyatı, ádebiyatı tarıyxında sonday ornı girewli bolğan óshpes ádebiy miyrasları boladı. Mine, usında ádebiy miyraslarımızdıń biri bul- dastanlarımız. "muńlıq-Zarlıq" dástanı da óziniń tematikası, kórkemlik ózgesheligi menen basqa dástanlardan ajıralıp turadı. Bul dástan Karan jıraw Nağimov variant 1962- jılı Ózbekstan Ilimler Akademiyası kitapxana fondına tapsırılğan. Onıń kólemi on eki baspa tabaq. Bul dástandı jırlağan jıraw yağnıy, Karam jıraw 1920- jılı tuwılğan. Jırawdıń ákesi Nağım jıraw óz zamanınıń qaraqalpaqlardıń belgili jırawlarınan bolğan. Xalıq arasında ol Alpamıs, Qoblan, Er Shora, Edige, Sháryar dástanları menen birge Muńlıq-Zarlıq dástanın da sheber atqarğan. Ol bul dástandı xalıqqa belgili bolğan Turımbet jırawğa shákirt bolıp júrgen waqıtları úyrenedi. Muńılq- zarlıq dástanınıń ayrım kemis jerlerin ózi dúzetip tolıqtırılğan. Al, ustazı Turımbet jıraw bolsa bul dástandı Tórtkóldiń Shoraxan degen jerin jaylağan belgili qaraqalpaq jırawı Erman jırawğa bes jıl shákirt bolıp júrip úyrenedi. Karam jıraw Muńlıq-Zarlıq dástanın ákesi Nağım jırawdan, al, kemis jerlerin Qıyas jıraw xayratdinovtan úyrenip xalıq arasında jırlap júrgen. Bul dástannıń jıynalıwı, basıp shığarılıwı hám poetikası boyınsha qaraqalpaq ilimpazlarınıń óz aldına ilimiy kózqarasları berilgen. Dástannıń eń dáslep 1985- jılı qaraqalpaq folklorınıń XXI tomlığına kirgiziw boyınsha ótkerilgen ilimiy seminarında bul dástannıń jıynalıwı, jırawlar tárepinen atqarılıwı, xalıq arasında tarqalğan variantları haqqında aytıladı. Qaraqalpaq ádebiyatı izertlewshilerinen bolğan A.Aliev, M.Nızamatdinovlar dástan boyınsha tómendegishe pikirlerin bildirgen edi: "Muńlıq- Zarlıq" dástanınıń qazaqsha "Muńlıq-Zarlıq" dástanı menen salıstırıp eki dástannıń versiyalarınıń arasındağı kólemli kórkemlik ózgeshelikler bar. Ayrım qaharman obrazları bolsa júdá uqsas keledi"-degen edi. Bunnan basqa Q.Mambetnazarov bul dástan haqqında "Eki dástandı da oqıp shıqtım. "Muńlıq- Zarlıq" dástanı eki xalıqta da eki basqa, al, orginal usıldağısı bul qaraqalpaq versiyası"- dep kórsetip ótedi. "M. Nızamatdinov "Muńlı- Zarlıq" dástanı qaraqalpaq jırawlar repertuarında belgili orındı iyelegen dástanlardıń qatarına jatadı"- dep kórsetken edi. Al, S. Bahadirova "Eki dástandı da oqıp shıqtım. Xalıqtıń ruwxıyatına sińgen, súyip tıńlaytuğın dástanlardıń biri bolıp esaplanadı" – dep óz pikirin

bildirip ótedi. Ilimpazlarımızdıń bul ilimiy kózqaraslarına názer salatuǵın bolsaq, haqıyqatında da bul dástannıń xalqımız súyip tıńlaǵan, jırawlar bar talantı menen jırlaǵan d.stan ekenin kóriwge boladı. Bunnan basqa qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli wákili, ilimpaz Q.Maqsetov "Muńlıq- Zarlıq dástanı orginal jaqsı dástan. Bul dástan biziń jırawlar tárepinen aktiv aytılatuǵın dástanlar. Muńlıq-Zarlıq dástanın da kóp tomlıqqa jiberiwge boladı. Túsinik sózler beriliw kerek. Jırawlar haqqında da toqtap ótken orınlı"- dep aytıp ótken edi. "Muńlıq- Zarlıq" dástanı revolyuciyadan burın baspada járiyalanıp, Orta Aziyadaǵı xalıqlarǵa belgili bolǵan. Bul tuwralı qazaq ádebiyatınıń belgili wákili M. Gabdullin bul dástan haqqında ayrıqsha toqtalıp ótedi. Bul dástan birinshi márte 1984- jılı A.Karimov, M.Nızamatdinov, A.Alimovlar tárepinen baspaǵa tayarlanıp, XX I tomlıqta baspadan shıǵarılǵan edi. Bul dástannıń qaraqalpaqsha versiyası syujetlik mazmunı tárepinen qazaqsha Júsipbek xoja variantı menen tıǵız baylanıslı. Sonday-aq , qaraqalpaq xalıq dástanları bolǵan Sharyar, Shiyrin- Sheker, Qanshayım, Meńliqal dastanları menen de mazmunı, kórkemligi jaǵınan jaqın keledi. Al, dástan mazmun hám kompaziciyası jaǵınan kóbirek Sharyar dástanına jaqın keledi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
2. Мақсетов Қ.М. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. – Т.: Фан, 1965.
3. Мәмбетов К. Әййемги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: Қарақалпақстан баспасы, 1976.
**4.** Палымбетов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан». – Нөкис: Билим, 2020.
**5.** Айымбетов Қ. Жыраўлар репертуарында тарийхый жырлар // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1964.
6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 24-т. «Мунлык- Зарлык» (Карам жырау Нагметов) –Нөкис: Илим, 2010.